



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 29 janvyè 2013

**GOUVÈNE CUOMO ANONSE PWOJÈ REKONSTRIKSYON I-287 NAN WESTCHESTER FINI NÈF  
MWA ALAVANS**

***Faz Final Amelyorasyon nan Interchange 8 yo Fini epi Highway a Ouvri pou Sikilasyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a finisyon pwojè rekonstriksyon I-287 nan Konte Westchester nèf mwa anvan sa ki te pwograme. Apre plis pas yon dizan reta nan konstriksyon ak \$78 milyon nan depasman bidjè dev, Gouvènè Cuomo nan lane 2011 te mande yon etid konplè ak endepandan pwojè a. Kòm rezilta rekòmandasyon etid la, dat finisyon faz final pwojè a – amelyorasyon nan Interchange 8 nan White Plains – te vanse sou nèf mwa apati dat mwa Dawout 2013 ki te pwograme a. Pi fò faz final la te fini jou ki te 14 desanm 2012 lan, epi highway a ouvri nèt pou sikilasyon depi mwa pase.

“Pwojè rekonstriksyon I-287 la se yon bèl egzant pou chofè nan Westchester sou disfonksyonman nan goudenman eta a, men pandan de ane ki sot pase yo, nou te refòme pwosesis la, nou te diminye kou a pou kontribiyab yo epi nou te fini travay la alavans,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwojè a te kòmanse depi plis pase 10 lane epi te bay plizyè dizenn milyon nan depasman bidjè ak ane reta – tan ak lajan Nouyòkè pat kapab gaspiye. Lane pase, mwen te mande yon etid konplè pwojè a pou travay la te ka fini. Kòm rezilta refòm nou te mete sou pye yo, jodi a, sikilasyon ap fèt san pwoblèm sou nouvo mòso highway sa a. Goudenman leta a chanje jan li fè biznis, li garanti Nouyòkè wè travay yo fèt pou kòb yo te peye a epi jwenn rezilta yo merite.”

Pwojè I-287 Cross Westchester Expressway Corridor a te kòmanse sa fè 15 lane, men te bloke akòz gwo reta nan konstriksyon ak depasman nan bidjè. Lè li te kòmanse, kou premye etap pwojè a te prevwa pou li te \$490 milyon, men depasman ak chanjman nan gwo pwojè a sou administrasyon ki te la anvan te bay yon kou final ki te \$568 milyon.

Kòm repons, nan mwa Jen 2011, Gouvènè Cuomo te travay ansanm avèk Interstate 287 Task Force la epi te mande yon etid konplè ak endepandan pwojè I-287 la. Peter Lehrer, yon ekspè koni nan konstriksyon nasyon, te dirije etid la ki te bay yon seri rekòmandasyon pou Depatman Deta Transpò (DOT) nan jesyon pwojè ak. DOT te tabli yon gwo refòm ajans ki te konsevwa pou fè pwojè konstwiksyon highway leta tankou I-287 la respekte bidjè yo ak kalandriye yo.

Aprè etid la, dat finisyon pou stad 6 ak dènye stad pwojè a nan Interchange 8 te vanse nèf mwa alavans soti nan dawout 2013 pase nan mwa desanm 2012. Pi fò faz sa te fini nan dat 14 desanm 2012 epi li te ouvri pou sikilasyon byen bonè.

“Gouvènè Cuomo ap fè govenman travay ankò, epi travay ak entelijans ak efikasite pou tout Nouyòkè,” te deklare Komisyonè Depatman Deta Transpò Joan McDonald. “Anba lidèship Gouvènè a, Depatman Deta Transpò a ap chanje jan li jere enfrastrikti leta a, li garanti pwojè yo sipòte sekirite, mobilite ak enterè lajan yo.”

Men kèk pwen enpòtan nan refòm ki te fèt nan DOT la:

- Reyinyon chak mwa pou revize pwojè ak pèfòmans, edid pwoblèm ak kowòdinasyon kominikasyon pou garanti pwojè yo respekte kalandriye yo.
- Itilizasyon konsiltan ekspè pou analize konsepsyon pwojè yo anvan travay yo kòmanse.
- Etabli yon Capital Program Delivery Committee kap etidye ak loup konpleksite ak gwochè chak pwojè pou garanti pi bon kreyatè ak manadjè pwojè yo ap travay.
- Apwobasyon ouben rejè demann pou chanje pwojè nan yon peryòd de semenn, ekonomi tan lè pwoblèm rive san zatann nan yon pwojè.
- Reòganizasyon pwosesis finansman an pou pi byen distribye lajan nan gwo pwojè yo.
- Ankouraje pataj resous ak ekspètiz pèsònèl nan tout rejyon leta a, diminye kou epi amelyore jesyon pwojè.
- Aplikasyon yon metòd revizyon pèfòmans kap garanti tout inisyativ DOT yo respekte nòm ki pi wo yo.

Dènye faz pwojè I-287 la te rekonstwi Exit 8E interchange lan pou amelyore sekirite ak jan sikilasyon ap fèt, ranplasman de pon, konstwiksyon yon nouvo pon ak rekonstriksyon ramp exit pou fasilite aksè ki soti I-287 pou ale anba lavil White Plains ak koneksyon lokal ki mennen Harrison. Pwojè a te separe sikilasyon lokal ak sikilasyon pou ale anba lavil White Plains ak konstriktyon tou de wout aksè dirèk ki relye lès ak lwès soti I-287 rive White Plains, epi evite limyè sikilasyon sou Westchester Avenue nan White Plains Avenue. Pwojè a te gen ladan enstalasyon nouvo limyè sikilasyon ak twotwa, ak tou ranplasman ray pou gide ak ramp sou yon longè yon mil expressway a. ECCO 3 Enterprises Inc. nan Yonkers se prensipal antreprenè pou pwojè a.

Nan kòmansman prentan an, antreprenè yo pral depoze dènye kouch asfalt la epi pral fini dekapaj; nouvo ekleraj lari pral enstale sou North Street; diminyon zòn imid yo pral fini epi tout longè pwojè a pral length amenaje.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418